

## BAB I BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Bangsa Indonésia ngawengku sababaraha sélér bangsa anu sumebar di sababaraha daérah, mimiti ti Sabang nepi ka Merauke. Masarakat Indonesia umumna dina komunikasi ngagunakeun dua basa, nyaéta basa daérah jeung basa Indonésia. Basa daérah biasana dipaké nalika komunikasi jeung nu sasélér, basa Indonésia biasana dipaké keur komunikasi antar sélér bangsa. Basa Indonésia ogé dipaké pikeun nepikeun élmu pangaweruh di lembaga-lembaga atikan formal (Sukarna spk., 1985, kc. 3), ieu hal luyu jeung pamadegan Pamungkas (2012, kc. 10) nu nétélakeun yén basa Indonésia digunakeun dina interaksi pangajaran. Ari basa daérah méh teu dipaké pisan iwal di sababaraha daérah anu masih ngagunakeun basa daérah salaku basa panganteur (Rasyad spk., 1983, kc. 1) ieu hal luyu jeung pamadegan Halim dina Trisa (2015, kc. 1), nu nétélakeun yén di daérah nu tangtu, basa daérah jadi basa panganteur di sakola dasar di tingkat awal pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonésia jeung pangajaran nu séjénna. Biasana nu ngagunakeun basa daérah di lembaga-lembaga atikan téh nu aya di daérah pasisian.

Kitu deui, masarakat Jawa Barat loba nu ngagunakeun dua basa dina komunikasina, biasana masarakat nu di lembur ngagunakeun basa Sunda (BS) dina kahirupan sapopoé, béda deui jeung nu hirupna di kota, masarakat kota biasana ngagunakeun basa Indonésia (BI) lantaran loba pisan masarakat nu lain asli sélér Sunda atawa ngadon ngumbara di Jawa Barat, upamana waé di Bandung anu kiwari masarakat asli suku Sunda-na ukur 73.73%, sésana suku Jawa 11,04%, Batawi 5,33%, Cirebon 5%, Batak 0,77%, Minangkabau 0,47%, Tionghoa 0.46% ([https://id.m.wikipedia.org/wiki/Jawa\\_Barat](https://id.m.wikipedia.org/wiki/Jawa_Barat)). Najan sélér Sunda jadi mayoritas tapi dina prak-prakanana urang Sunda nu ngéléhan ngagunakeun basa Indonésia dina komunikasi boh di lingkungan kulawarga, boh di sabudeureun lingkungan imahna. Kitu deui, di sakola barudak maraké basa Indonésia. Nurutkeun *obsérvasi* nu geus

Ariska, 2016

*Interférénsi Basa Indonésia Kana Basa Sunda Dina Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2016-2017*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dilakukeun di SMP negeri 1 Bandung waktu PPL, dina pangajaran basa Sunda loba pisan siswa nu maké basa Indonésia, malah aya sababaraha anu teu apal pisan kana basa Sunda najan indung bapana Sunda pituin, nepi ka guru basa Sunda ogé ngagunakeun dua basa waktu nepikeun pangajaran.

Salah sahiji akibat tina dipakéna dua basa atawa leuwih nyaéta ayana interférensina basa. Interférensina nyoko kana ayana unsur-unsur basa séjén dina ngagunakeun hiji basa, anu dianggap salah lantaran teu luyu jeung kaidah atawa aturan basa nu digunakeun (Chaer jeung Agustina, 2010, kc. 120), Interférensina lumangsung di masarakat *dwibahasawan* sarta dianggap salah (Aslinda jeung Syafyahya, 2014, kc. 65). Interférensina dibalukarkeun ku kurangnya kamampuh panyatur dina ngagunakeun hiji basa nepi ka bisa kapangaruhan ku basa séjén (Chaer jeung Agustina, 2010, kc. 120).

Interférensina nu sering kapanggih téh di antarana waé dina éjahan, wangun kecap, susunan kalimah, jeung pilihan kecap katut hartina. Éta interférensina téh aya dina tataran grafologi, gramatikal jeung leksikal.

Ku lantaran interférensina téh dianggap salah dina maké basa tur malah ngaganggu kana lancarna komunikasi basa, perlu ayana pangbinaan basa Sunda pikeun napsirkeun tarékah ngabina BS. Perlu aya panalungtikan nu béda ngeunaan kaayaan interférensina BS tina basa séjén, utamana mah tina BI. Saéstuna panalungtikan ngeunaan interférensina basa Indonésia kana basa daérah téh geus kaitung loba nu nalungtik, di antarana waé, “Interférensina Basa Indonésia Kana Basa Sunda dina Tulisan Otobiografi Siswa Kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung” (Arif T R, 2013), “Interférensina basa Indonésia kana basa Sunda dina karangan pangalaman pribadi murid kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015” (Denis E B, 2015). Éta panalungtikan téh mémang ngagarap interférensina BS tina BI, tapi kawatesanan dina tataran fonologis/grafologis, gramatikal jeung léksikal. Panalungtikan anu ngabahas adegan basa katut faktor-faktorna can aya. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Interférensina Basa Indonésia kana Basa Sunda dina

**Ariska, 2016**

***Interférensina Basa Indonésia Kana Basa Sunda Dina Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2016-2017***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2016-2017” téh dilaksanakeun.

## 1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Masalah interférénsi BI kana BS téh ngawengku tataran fonologi/grafologi, gramatikal (morfologi jeung sintaksis), sarta léksikal. Dina ieu panalungtikan henteu digarap interférénsi fonologis lantaran sumber datana tina ragam BS tulis. Dina ieu panalungtikan bakal ngawengku: (1) interférénsi grafologis dina nuliskeun kecap, (2) interférénsi léksikal dina makéna kecap katut hartina, (3) interférénsi morfologi dina wangun jeung warna kecap, (4) interférénsi sintaksis dina adegan kecap jeung adegan basa, sarta. Jaba ti éta dibahas ogé perkara faktor-faktor nu ngabalukarkeun ayana interférénsi. Ari sumber datana nyaéta ragam basa tulis tina surat pribadi siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2016/2017.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu masalah téh dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha interférénsi fonologi/grafologi dina nuliskeun éjaan basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2016-2017?
- b. Kumaha interférénsi léksikal basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2016-2017?
- c. Kumaha interférénsi morfologi dina wangun kecap basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2016-2017?
- d. Kumaha interférénsi sintaksis dina adegan frasa jeung kalimah basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2016-2017?
- e. Naon faktor nu ngabalukarkeun ayana interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa?

Ariska, 2016

*Interférénsi Basa Indonésia Kana Basa Sunda Dina Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2016-2017*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Dumasar kana rumusan masalah anu geus dipedar, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun mikanyaho tur ngadéskripsikeun interférénsi BI kana BS dina surat pribadi siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun lima hal, nyaéta:

- a. interférénsi grafologi basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa;
- b. interférénsi leksikal basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa;
- c. interférénsi morfologis basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa;
- d. interférénsi sintaksis basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa;  
jeung
- e. faktor nu ngabalukarkeun ayana interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa.

### **1.4 Mangpaat panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Dina unggal panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, boh mangpaat tioritis boh mangpaat praktis. Mangpaat tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan informasi kana élmu sosiolinguistik ngeunaan interférénsi BI kana BS.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Ariska, 2016

*Interférénsi Basa Indonésia Kana Basa Sunda Dina Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2016-2017*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina unggal panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat praktis pikeun sababaraha pihak.

- a. Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran kaweruh morfologi BI kana BS.
- b. Pikeun siswa, hasil panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan interférénsi sangkan henteu salah dina maké BS.
- c. Pikeun guru, méré gambaran léngkah-léngkah nu kudu dilaksanakeun dina ngalatih siswa ngagunakeun basa Sunda nu luyu jeung kaédahna.

### **1.5 Sistematika Tulisan**

Anapon sistematika ieu panalungtikan dibagi jadi lima bab.

Bab I bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II landasan tiori, eusina ngeunaan tiori-tiori nu patali jeung interférénsi sarta tiori ngeunaan surat pribadi.

Bab III métodeu panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV hasil panalungtikan, eusina hasil panalungtikan. Anu ngadéskripsikeun interférénsi grafologi dina nuliskeun éjaan basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa, interférénsi léksikal basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa, interférénsi morfologi dina wangun kecap basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa, interférénsi sintaksis dina adegan frasa jeung kalimah basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa, faktor nu ngabalukarkeun ayana interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa.

Bab V kacindekan jeung saran, eusina mangrupa kacindekan jeung saran ngeunaan ieu panalungtikan pikeun nu maca.

